84(5Қар)
В Жи-78

МАРҚАБАЙ ЖИЙЕМУРАТОВ



# ДАЎЫТБАЙ – ҚАРАҚАЛПАҚ МИЛЛЕТИНИҢ МАҚТАНЫШЫ

Книга должна быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдач___________

ПІК. Зак. Б-192—20 млн.—84 г.

тов.М.
–кара-
иллети-
таныш

84(5Кар)
В Ж-78

МАРҚАБАЙ ЖИЙЕМУРАТОВ

# ДАЎЫТБАЙ—ҚАРАҚАЛПАҚ МИЛЛЕТИНИҢ МАҚТАНЫШЫ

*(Болған ўақыялар)*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
2006

МАРҚАБАЙ ЖИЙЕМУРАТОВ **«Дәўытбай—қарақалпақ миллетиниң мақтанышы»** *(Болған ўақыялар)*—Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 2006-жыл, 32 бет.

---

**МАЗМУНЫ**

ДӘЎЫТБАЙ—МИЛЛЕТ МАҚТАНЫШЫ ЕДИ (алғы сөз орнына) ........ 3
ДӘЎЫТБАЙ НАХАҚТАН АТЫЛҒАН ........ 5
ДӘЎЫТБАЙ ДАРА ЕДИ, ДАНА ЕДИ, ХАҚ ЕДИ. ........ 11
ҲӘР СӨЗИ-ХИКМЕТДУР, ҲӘР САЗЫ ДИЛ-ДӘЎАСЫ ........ 14
«ЕРНАЗАРДЫҢ ҚЫР ҚАЛАСЫ»НА САЯХАТ ........ 17
«ҚАЛБАЙ АШЫҚ»ҚА «ЕКИНШИ ДӘЎЫТБАЙ» МЕНЕН САЯХАТ ........ 19
КЕЛЕШЕКТИҢ ДӘЎЫТБАЙЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА
ОЙЛАР, БОЛЖАЎЛАР ........ 20
ИЛХАМЫ-ИЛАҲИЙДУР, МӘНЗИЛГӘХИ-НУР ДӘРЬЯСЫ ........ 21
КЕЛЕШЕКТИҢ ДӘЎЫТБАЙЛАРЫНА МӘСЛӘХӘТЛЕР. ........ 24

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 83155

$$Н\ \frac{0803010200-8312}{М-357\ (04)-2005}Б\ -2006$$

ISBN 5 - 8272 - 0261 - 4

TIP

© «Қарақалпақстан» баспасы, 2006

*Бул китабымды Қарақалпақ миллетиниң мақтанышы, сазлар әлеминиң ең жарық жулдызы Дәўытбай Қайыповтың 60 жыллық юбилейине бағышлайман.*

*Автор*

## ДӘЎЫТБАЙ—МИЛЛЕТ МАҚТАНЫШЫ ЕДИ

*(алғы сөз орнына)*

*Достың дийдарын көриўден артық қуўаныш, ал оны жоғалтыўдан артық қайғы жоқ.*

*Рудакий*

Өткен әсирдиң 60-жылларында, сол дәўирдиң атақлы композиторлары тәрепинен дүркин-дүркин жаңа намалар дөретилгенликтен, бурын халыққа онша танылмаған бир топар таза қосықшылар пайда болды. Әсиресе, олардың қатарына Дәўытбай Қайыповтың күн нурындай жарқ етип сазлар әлемине кирип келиўи республикамызда үлкен таңқаларлық ўақыя болды. Ол 1965-1969-жыллар аралығында радиоға отыздан аслам таза намаларын жаздырып, халқымыздың ең сүйип тыңлайтуғын қосықшысына айланып кетти. 1969-1971-жыллар Ташкент Мәмлекетлик Консерваториясында оқып, ал 1971-1973-жыллар аралығында ол өзиниң Ўатан алдындағы перзентлик ўазыйпасын өтеп келди. Бирақ арадан көп узамай-ақ яғный 1973-жылдың 5-ноябрь күни тосаттан қайғылы қазаға ушырап, бул жақты әлем менен мәңгиге хошласты.

Жүдә сийрек адамларда жаратылыс сақыйлығынан да артығырақ уллылық белгиси болады. Ондай уллылық адамның сәнинде, сымбатында, өзин тута билиўинде көринеди. Ондай ғайрытәбийийлық адамды басқалардан, ҳәтте аспан менен жердей ажыратып турады, тап нурлы келешек оған ўәде етип турғандай. Ол өз баҳасын өзиниң сыр-сынаҳәтке толы метафизикалық өлшемлерде яғный бизиң санамыз, ақыл-ҳуўшымыз ылғай алмайтуғын нурлы көриниси арқалы сәўлелендирип турады. Ондай баҳаға өзинен басқа, ҳәтте анаў-мынаў лаўазымдағы адамлар да ерисе алмайды. Сондай тақылеттеги инсанның бизиң миллетимизде де жасап өткенлигин тәнҳа өзим тастыйықлайман.

Ол биз сөз етпекши болып отырған Дәуытбай Қайыпов. Биз-оның заманласлары онда жоқарыда келтирип өтилген сыпатламалар барлығының гуўасымыз. Бирақ миллетимиздиң келешегине онша ақыл-хуўшы алыса бермейтуғын бир кимсениң ойсызлығынан тәбияттың бир сондай дөретпесинен қәпелимде, көзди ашып-жумғанша айрылдықта қалдық ... әттең ... сол таклеттеги инсанды кең жәҳәннен қызғанып бул әлемге сыйдырмады нәпси бенделери ... Ҳақыйқаттан да оның ишки дүньясы соныңдай гөззал, жаны кристалдай таза еди. Мен тәнхә өзим, сазлар әлеминде ҳәзирге шекем оның дәрежесиндеги озық ойлы, өткир пикирдеги инсанды еле миллетимизден ушыратпадым.

Биз жанзатлар ишинде ең уллысы адам, ал, ең пәси ийт десекте, бирақ, даналардың кесип айтыуўына қарағанда ақ көкирек садық достына қыянет қылған адам ҳәтте ийттиң де пәс дәрежесине түсип қалар екен. Руўҳы майып адамлар ондай гөззаллықты жақтырмас екен. Ҳәтте олар гөззаллықтың не нәрсе екенин де көз алдына келтире алмас екен ...

Мен қай жерде жүрсем де Дәуытбайды ким атқан? Дәуытбайды неге атқан?-деп маған бирқанша сораўлар береди. Ал, бирақ, мен бул сораўларға жуўап қайтарарда не айтарымды билмей «Дәуытбай наҳақтан атылған, оның дурыслығы судта тастыйықланып, атқан кимсе атыў жазасына ҳүким етилген» деп қысқа ғана жуўап беремен де қояман. Гәптиң расы да сол. Гәпти езбелеп, сораўларды үсти-үстине, келсин-келмесин ызғыта бергенлерге қаным қайнап «Дәуытбайды өзлеримиз атқан» деп те жиберемен жүдә күйип кеткенимнен.

Ол да рас жуўап. Гәп өзлеримизде де бар. Ол туўралы соңырақ иркилемиз.

«Тәғдирде қандарың жетсе изиңнен,
Атыңның аяғын тусайды әжел»

Биз Қарақалпақлар өзимизди өзимиз қанша алдап-суўлап жубатсақ та, бирақ, саз-сәўбетимиздеги Дәуытбайдың орны, оның әжайып лапызын сүйип тыңлайтуғын қосық шайдаларына бәрха билинеди де турады.

Солай да болса оның жалғыз ул перзенти Бахадырдың да өзиниң өзгеше ҳаўазы менен сазлар әлемине кирип келиў даўрығын биз ол ҳәдийсени (сюрприз десек те болады) инам еткен Тәңиритааланың саўғасы (ғәзийнеси) деп түсинсек ҳасла кәтелеспеген боламыз.

Айт, Дәуытбай сен бизге көп болдың ба?
Аз еглендиң елатыңның алдында,

Саз әлемин даңқлы жолға салдың да,
Әжел оғын сайлап алдың да кеттиң.

Биз ойлаймыз егер хәзирге шекем ол тири турғанда қаншадан-қанша йошлы намаларды төгип таслаған болар еди деп. Тәғдирге емес бир кимсениң (оны нахақтан атып өлтирген) ойсызлығына илаж жоқ екен ...

«Сөзлер жерде үнсиз қалған хәм уят, ертең бийықтыяр бул қызыл тилиң, таңлайыңа қатып қалар мәңгиге» дегендей оның басынан кеширген хәсиретлерин биз айтпасақ, енди ким айтады?!

Өркөкирек диезлерге толы қосықлары хәр күни радиодан жаңлап турған, миллетимиздиң Даўытбайдай хасыл перзентиниң душпанлары тәрепинен нахақтан жала жаўылып, хәзирге шекем даўам етип киятырған өсек сөзлердиң хәзирги әўладтан соңғы әўладқа өтип кетпеслигине ким кепиллик бере алады? Себеби, ол келешек әсирлердиң де Даўытбайы емес пе? Демек, солай екен, биз ғәрезсиз Өзбекстандай мәмлекетте жасап атыр екенбиз бүгинги жас әўладтың жарқын келешеги ушын-ақ Президентимиз И.А.Каримовтың айтқанындай «бизлерден де ақыллырақ, данарақ» болып жетисетуғын келешек урпаққа, яғный, келешектин Даўытбайларына ақты ақ, қараны қара деп хәр нәрсени өз аты менен атап, оларға тек рас гәпти ғана айтып хәм өзимниң аталық мәсләхәтлеримди жазып қалдырыўды парызым деп санайман.

## ДАЎЫТБАЙ НАХАҚТАН АТЫЛҒАН

«Рууҳы майып, жаман адамлар қанша саўатлы болған сайын сонша кери кетип баратырған болады»

*Макиавелли*

«Еки түркий жолдас болса бир-бирине бийганадай, хинд хәм түркий жолдас болса, бир-бирине пәрўанадай»

*Рудакий*

Хәр бир инсан туўылғанынан-ақ лаўлаған оттай жоқарыға, яки сүңгиген тастай пәске қарай хәрекетке кирисер екен. Сонлықтан да бул жалған дүнья өзин гүнәкәр санайтуғын хадал, ал, өзин хадал санайтуғын гүнәкәр бенделерден ибарат екен. Түркмен халқының уллы

шайыры Мақтумқулы «Ҳасла нәкәс пенен отырма, турма», деп сонша зинҳарласа да биз қам сүт емген бенделермиз ғой, гейде алжасып та қаламыз. Мәселен, биз жақсы инсанлар менен сәўбет қурсақ өзинде қандай да жақсы пазыйлетлер пайда болғанлығын аңғарасаң. Ал, набада, еки жүзли, нәпси бенделери менен отырсаң олардан суўық ис шықпай қалмас екен. Себеби, олар кеўли таза, жақсы инсанларды көрсе қанлары қайнап кете берер екен. Соң қызғаныштан ишлери от болып жанып, тақыр жерде наҳақтан жала жаўып, набыт етип, «өшин» сөйтип алар екен, ҳақ қанына қалар екен. Сонлықтан да дана Шеразийдиң «Жаманнан жақсылық күткениң бийкар, көлдиң қамысынан шекер алынбас», деп жазып кеткени де соннан екен ...

Бул ялған дүньяға кимлер келип, кимлер кетпеген. Даналардың бири: «Өмирден мазмун ақтарсаң әўлийеге бақ, онда небир баҳадырлар жатыр қаласып» дегениндей-ақ бизден бурын жасап өткен, аты тарийхта қалған бирқанша атақлы тулғалар ҳаққындағы китапларды оқып қарасақ, биз олардың көбисинин душпан оғынан емес, ал, әтирапында жүргенлердиң сатқынлығынан өлип кеткенлигиниң гуўасы боламыз. Мәселен, алысқа бармай-ақ өзимиздиң миллеттен «елим ел болсын деп едим» деп XIX әсирдиң орталарында, миллет азатлығы ушын гүрескен Ерназар Алакөзди ким атқан? Өзлеримиз атқан, хасла сыртқы душпан емес! ...

«Ерназар Алакөз» монологи: (К.Рахманов)

«Бириңе-бириң унамай, отыралмадың-аў сынамай,
Аўызың бир болғанда, халық едиң-аў сынадай.
Исим баспай оңына, жеттим жердиң тоңына,
Гүл берерме деп едим, шеңгел тутың-аў қолыма».

«Ерназар Алакөз» пары: (М.Жуманазарова). «Туў сыртымнан атқанлар, Аллаярды сатқанлар, Бүгинде сени сатып жүр, Қудайдан өзи тапқанлар».

Ал енди өзи жүдә жас болса да Қарақалпақ миллетиниң атын телефестевальда, Орайлық Азия халықларына таныта алған Даўытбайды ким атқан? Оны да өзлеримиз атқан, ҳасла сыртқы душпан емес.

«Даўытбай» симфониясынан: (М.Жийемуратов).

«Туў сыртынан Ерназарды атқанлар,
Еки қолы қызыл қанға батқанлар,
Ел намысын хәмелге, пулға сатқанлар,
Сени де ғапылда атты Даўытбай» ...

Халық термесинен:

«Әрман болар ийт тийсе, писип турған асыңа,
Яман менен дос болсаң, сабан тығар постыңа» ...

Енди бир ҳайран қалатуғын жери олардың екеўин де бир-бири менен қыз алыспайтуғын туўысқанлары атқан. Я тоба!

Ал, енди, Қарақалпақтың миллий шегарасын Қызылқум, Үстүрт сахраларын жаяўдан-жаяў гезип, аралап белгилеп берген Аллаяр Досназаровты ким satқан? Оны да, шаңарағынан ақ дузын ишип, Москвада оқып жүрген жерлеслери «үйинде суўық қурал сақлайды» деп оған ҳукимет тәрепинен Ўатан алдындағы хызмети ушын, сыйлыққа саўға еткен мылтықты сылтаўлап Москва ишки ислер бөлимине барып сатқан. Соның салдарынан ол да репрессияға ушырап атылып кеткен.

»Тәбияттың ең хошрей, ең айбатлы, ең еркеси найзағай. Ол бар айбаты менен жылдырымдай тезликте дөгерек-дашты бир дем де жақтыландырып ҳәм семип те үлгереди ...

Даўытбай тәбийий талантқа бай, бийазар, менменлиги жоқ, кем сөзли жигит еди. Оның үстине қыз минезли, сынық ҳәм тынық қәсийети кимди болса да өзине тартпай қоймайтуғын еди. Ол барлығы болып тек 25 жыл ғана өмир сүрди. Елге 7 жылдан асламырақ хызмет ислеп халқының көзине ҳәм тилине енди-енди түсип киятыр еди. Сум әжел Даўытбайды халқынан, халқын Даўытбайдан бир демде жуда етти. Енди ғана тикленип киятырған жас шаңарақтың уўықлары гүзги сары жапырақтай бирден саў ете қалды ...

Ол аўзы жеңил адамлардың, яки, душпанларының айтып жүргениндей ҳаял затына мейилсоқ емес еди. Бийазар, биймәлел, қудайдан тилеген адамлардың шаңарағынан шыққан ақ көкирек Қарақалпақ перзентлериниң бири еди. Тәғдирдиң утқан жери бизди оннан айра түсирди ... Не ушын дүньяда бүлбил аз, ал шымшық көп? Неге қара ғарға көп, ақ ғарға дым аз? Усылардың жуўабын еле излеп таппай ақ қойдым ... Қысқасы, қосық бир нәзелим болса, ол оның шайда бүлбили еди», деп еске түсиреди Даўытбайдың досларының бири Мустафа Балтабаев.

Мен Даўытбайды атқан адамның үстинен жүргизилген дәслепки судына қатнастым. Судтың жуўмағында ол адамның Даўытбайды наҳақтан қастыяншылық пенен атқанлығы тастыйықланып, оны атыў жазасына ҳуким еткен еди. Бирақ солайда болса гейпара аўзы бос кимселердиң ядтан тоқыған өсек сөзлери мени қатты толғандырады. Мәселен, жақында бир отырыспада бир илим кандидатының «бир милиция Даўытбай менен ҳаялының үстинен шығып атып таслапты», деген гәплерин еситип денем түршигип кетти. Сол жердегилер оған

мени жаңа таныстыра баслағанда, ол алды-артына карамай ҳайт қойды. Сол таклеттеги сөзлерди адамлардың қалай ойлап табатуғынына хайран қаламан. Ондай өсек гәплерди ҳәтте бир илим кандидаты айтып жүрген болса басқалар не демейди. Өзлериңиз-ақ бир ойлап көриң? Уллы Әжинияздай шайырдың ишки жан дүньясының пәклигин тәрип-лейтуғын қосықларын ҳәр күни эфирде жаңлатып турған инсанның қаяқтағы бир өзине минәсип емес кимсениң, оннан қалса қалтасынан удайы сууық қурал тасламай жүретуғын ҳуқық қорғаўшысының ҳаялына бара сала кенедей жабысып қалағоятуғынына ким исенеди? Негизинде ол милиция Даўытбайды атып өлтириўди әзелден-ақ өзиниң баслы ўазыйпасы етип қойғанлықтан ҳасла шешими жоқ даўды ойлап тапқанда, атқан да таслаған. Мәселен, Даўытбайды милицияның үйине «бүгин туўылған күнине барайық» деп апарған адамның гәпине қарағанда, сол күни оның туўылған күни емес екен. Барса милиция хаялы екеўи шәўле жеп отыр екен. «Ал қалған жағында уйқылап қалыппан қапылып» дейди жаңағы адам, оның менен ҳәр ушырасқанымда. Мениңше руўҳы майып адам гөззаллықтың не екенин ҳәтте қыялына да келтире алмайды. Ол ийниндеги пагонына арқа сүйеп, тек мақтаныўдан басқа нәрсеге ҳуўшы алыспағанлықтан да жоқарыда айтып өтилгендей шешими жоқ даўды ойлап тапқан да Даўытбайды атқанда таслаған. Ҳикмет:

Түлки ләйлекке деди: -»Самал оң тәрептен ессе басыңды қаяққа бурасаң? -Солға. Түлки: -Солдан ессе ше? -Оңға. -Ал еки тамаңнан ессе, онда не қыласаң? Ләйлек: -Қанатымның астына басымды тығаман. Түлки:-Болмаса көрсет». Ләйлек қанатының астына басын тыққанда түлки оны тутып алып, сондай қысты дейсең, ләйлектиң омыртқа сүйеги пыт-шыт болды ...

Тотыны ғарға менен бир қәпеске салыпты. Тоты:-«түри-яның қурысын сениң» депти. Ҳайран қалатуғын жери сол, ғарғада тоты менен бирге жасап атырғанына налып «не бәлелер болып кетти өзи, көрейин дегеним усы бәле ме еди, тағдир мени усындай бийдәўлеттиң сәўбетине дуўшар қылғандай Қудайға не жаманлық қылып едим» дейтуғын қусайды. Кимде гүнә? ...

Көзге көринбес қара күшти ҳасла бийкарлаў мүмкин емес, себеби ол алдыңда бажырайып, көринип турмайды. Сонлықтан қара күш әдалатты тән алмайды. Себеби, кешеги әсирде зорлықтың өзи олардың нәзеринде әдалат еди-дә. «Намысты үйретип болмайды, ол туўма» (Публий Сир). Сол айтқандай-ақ жаратылысында ардан, намыстан журдай болған бир кимсениң кесапатынан қас қағымда саҳра бүлбилимизден айрылдықта қалдық. Әттең ...

Африка халықларының бир ертегинде жазылыўынша, бурынғы заманда бир елге ашаршылық келип халқы аштан қырыла баслайды.

Шаңарағында бир топар бала-шагасы бар бир адам бул апаттан қалай қутылыўдың есабын таба алмай басқа патшалыққа кетпекши болып, отырған жериниң ақсақалынан мәсләхәт сорайды. Аўыл ақсақалы оған: «Ҳаў ана көринип турған таўдың арғы жағында бир елат бар. Халқы жүдә қурғын жасайды деп еситемен. Бирақ, балам, ол жерде әдалат жоқ қусайды, кәлесең сол жаққа барып жасай ғой» дейди. Сорлы жигит ақыбетиниң не боларын ойламастан сол елатқа барып жасай баслапты. Егин египти, мал өсирипти. Жигиттиң шаңарағы хә демей жүдә қурғынласып кетипти, бирақ, «неғып жолда жатқан қуйрық» дегендей бир күнлери оның үйине қара басы жасайтугын бир бойдақ жигит келип: «Япырмай бала, сениң бала-шағаң көп екен, қатының да туўғыш қусайды. Ал, енди, қатыныңды берип тур, маған да бир бала туўып берсин» деп, оның яқ дегенине қарамай хаялының қолынан сүйреп әкетпекши болады. Жаңағы жигит «қатынымды өлсем де бермеймен» деп турып алады. Қулласы, екеўи даўласып сол елдиң патшасының алдына барады. Сонда патша қатыны бар жигитке: «Ҳәй ақмақ, хаў ол сениң жан қоңсың болса, өзи балаға тарығып жүрген болса, сениң қандай хақың бар қатыныңды оған берип турмаўға? Қатының оған да бир бала туўып бергенде өлесең бе» деп қайтама оған бақырып таслапты хәм жаңағы соқабастың талабы дурыс деп пәрман шығарып берген екен. Жигит бийшара ондай дәрежедеги әдалатсызлыққа шыдай алмай өлип қалыпты.

Кешеги СССР деп аталмыш жәмийетте де сол тақлеттеги ўақыялар көплеп ушырасып туратуғын еди. «Тәңиритаала адам менен адамның арасында оғыры үлкен парқ болатуғын етип жаратқан, ал жәмийет болса ондай парқлардың барлығы менен есапласпастан хәммесин теңестирип жибереди. Соның салдарынан аз сандағы талантлы инсанлар сол жәмийеттен шетлеттирилип, олар хәтте өзи жасап атырған жәмийеттен бойын жасырып, тышқан тесиги мың теңге болып күн кешириўине мәжбүр болады. Себеби, ондай жәмийетте өзгелерден ақыл-ҳуўыш артықмашлығына ийе болыў айып ис деп баҳаланылады». Бул философ Макиавеллиниң пикири еди. Бул пикирлер тап кеше бизлер жасап өткен дәўирге үнлес келеди екен. Ҳақыйқатында да ҳақыйқый қарыйдарлық талап жүз бермеген жерде кеўилдегидей өмирдиң жүз бериўи мүмкин бе? Инсанның бул дүньяда жасағандағы мақсети ялған қарыйдарлық талапларды қанаатландырыў емес, ал, өзиниң жүрегиниң төринде жатқан, аңсаған арзыўларын ис жүзине асырыўдан ибарат емес пе? Кешеги тоталитар дүзимде не саўдалар болмады дейсең. Бирқанша озық ойлы инсанлар өзлерине питкен ақыллылығы, даналығы ушын-ақ репрессияға ушырап атылып кетти. Ал, мәдениятымызды миллий колоритимизге онша ҳуўшы алыса бермейтуғын, биреўлердиң нусқаўы менен ғана ис апара алатуғын

мәдениятсыз дилетантлар басқарды. Гәп Дауытбайдың басынан кеширген ҳәсиретлери хаққында кетип баратырғанлықтан, айтқан пикирлеримди тастыйықлаў мақсетинде бир-еки мысал келтирмекшимен. Өткен әсирдиң 70-жылларының басында, Ташкент телевидениесинде «Зеҳн» телефестивалы өткерилип турылар еди. Гезек Қарақалпақстанға келип сол көрсетиўде Жуманазар Абутов ҳәм Камал Мәмбетовлардың «Баҳор» концерт залында өзлериниң қызықлы интермедиялары арқалы пүткил Өзбекстанға танылғаны халқымыздың еле есинде. Әсиресе Камал ағаның футбол шарықлаўшысы болып, таза өзбек тилинде бүлбилдей сайрағанын телетамашагөйлер елеге шекем айтысып жүреди. Дауытбай да сол фестивалға қатнасыў ушын 4-5 қосық таярлап келсе де бирақ неғедур оған бир қосық та атқартпады. Ол залда телетамашагөйлердиң қатарында мениң қасымда отырды. Сонда оның маған айтқаны: «Концертти сыртта оқып атырған биреў таярлады. Бир ўақлары бир ири геўдели ақшаш киси оның қулағына бир нәрселерди айтқаннан соң қәпелимде мениң қосығым концерт бағдарламасынан алынды да тасланды» деп бираз қамығып отырғаны еле есимде ... Әй, заман деген ә! ...

Мен ҳәзир ойлайман, егер сол дәўирдиң ел ағалары Дауытбайдың айрықша туўма талант екенин есапқа алып, өзине ылайық даңқына, қәдир-қымбатына жараса аз ғана хошаметленип турылғанда, яки оған бир кишкенелеў болса да бир ансамбльди басқартып қойғанда бундай унамсыз ҳәдийселер болмаста еди. Дауытбайдың талантын көре алмайтуғынлар, бәлки, оннан тартыныпқырап та жүрген болар еди, деп.

«Балалығынан-ақ өзиниң қәте пикирлеринен ўаз кеше алмайтуғын достыңды дурыс жолға саламан деў қәте. Егер сен оның көзин ашаман десең қайтама ол сениң менен аяўсыз шайқасады ҳәм сени түбинде набыт етеди». (Гольбах). Ҳақыйқаттан да гейпара достың душпаннан да жаман, себеби, душпанның ҳүжимине таяр турасаң, ал достыңа исенип набыт боласаң. Ашкөзлик гейбир адамның зейнин пәсейттирип руўхый гөззаллықлардан ләззетлениўге жол бермей таслар екен.

Дүньяда ең жаман, иши қара адам: еки жүзли, қызғаншақ адам. Олардың басларының топаслығынан қаншадан-қанша ҳақ нийетли инсанлар өлип кетпеди дейсең ... Өзбек халқының ҳақгөй, уллы жазыўшысы А.Қаҳҳар «инсан ҳәмме жерде уллы, бирақ сол қүдиретли инсан барлық ўақытта өз қәдир-қымбатына жараса ҳақ-ҳуқықына ийе емес», деп кешеги Дауытбай жасап өткен дәўирдиң өз реал баҳасын берген еди.

Ҳәр қандай жақсылық та, жаманлықта өзиңе қайтады. Ал, енди, соңы не болды? Аянышлы өмир аспаннан салбырап түспейди. Ол өзиниң ақмақшылығынан келип шығады. Дауытбайды нахақтан атқан адамды ҳәзир ҳәтте қоңсы-қобасы да той-мерекелерге шақырмас екен.

(ол барған тәғдирде де отыра алмас екен). Оннан хәмме өзин аўлақ алып жүрер екен. Әне, соның өзи буған Тәңиритааланың жазасы емеспе?! Нағыз Қудай ғарғаған адам дегени сол емес пе?! Адамлардың нәзеринен қалып, олардың кәҳәр ғәзебинде жасаў қандай қорлық! ... Данте өзиниң «Илаҳий комедия»сында: «Сатқынлардың да, жалақорлардың да тири яки өлгениниң әҳмийети жоқ, олар тири жасап жүрсе де руўхы әлле қашан-ақ иблиске айланып, дозақ отында өртенип атыр» деп жазады. Дантениң усы шығармасын ҳәтте Наўайының «Ҳамса»сына теңгереди өзбек әдебиятшылары. Ҳикмет: «Зевстың тойына бир жылан гүл тислеп келгенде Зевс оған: «сениң тисиндеги саўғаны алмайман» деген екен. Ҳикмет мәниси: Демек, жаман, иши қара адамлардың жақсылығында да қәтер бар екен дә ...

Және бир ҳикмет: Бир дийқанның аяғын ийт тислеп алды. Сонда дийқанның кишкене қызы: «Сениң де тисиң бар ғой аға, сенде оны неге тислеп алмайсаң» депти, әкесине. Сонда турып дийқан қызына: » Әй, қызым-ай, ол ийт, ҳәтте, мениң аяғымды жулып алғанда да мен оған тисимди тийгизип ҳарам қылмайман» деген екен. Ҳикмет мәниси: Ҳеш қашан жаман менен жаман болма, өйтсең оған тең болғаның дегени ғой, дийқан бийшараның ...

## ДАЎЫТБАЙ ДАРА ЕДИ, ДАНА ЕДИ, ҲАҚ ЕДИ.

«Ҳақыйқый талант ийелери ҳәммеден жоқарыда турадылар».

*Конфуций.*

«Туўма талантлы адамларда дүньяны билиў туўма болады.»

*Гете.*

Бир күни бир топар жораларымыз бенен Әлекениң үйине қыдырып бардық. Үйинде жақында келиншек болып түскен Жумагүлден басқа ҳеш ким жоқ екен. Таза келиншек бизлерге дастурхан жайып, шай қайнатып зыр жуўырып жүр. Бир ўақытлары Әлекең де келди үсти-басы суў-суў болып. Ҳәммемиз отырып шай иштик. Гәптен гәп шығып «Химчистка»ның директоры Төребай қамсемиз: «Ҳәй, Әлеке, бағанағыны түсликке ресторанға мирәт етпей, растан-ақ қайтарып жибердиң бе»,-деп қарап отыр. Ал, Әбил болса: «ҳәй усы ты понимаешь, өзиниң үйинде және ҳаялының көзинше Әлекениң авторитетин түсиргениңди қойсаңа, дурак» деп қапталдан тақ ете қалды. Соңын ала Сабыр дегенимиз (лақабы «үш тийин», газли суў аппаратларының баслығы болған соң оны жоралары солай атап кеткен) Әлекениң ақ

бозлақтан келген бир нашар менен моншаға кирип кеткенин айтып, «алдасам көзим шықсын» деп қояды оннан қалса. Жумагүл құрдасларының гәплерин дәслебинде хәзил шығар деп тыңлап отыр еди. Соңын ала олар бир-бирин мақуллаўды гүжите бергенликтен орнынан бирден ушып турды да қапыны тарс етип жаўып кетип қалды. Арадан аз ғана өткен соң және қайтып келип: «мен билетуғын едим-аў бунының усындайын, бул оңбағанға көрсетемен еле», деп мылтықтың атылғанындай және қапыны тарс еттирип жаўып, жылаўы менен шығып кетти. Жигитлер отыр «хәз» етип «Әлекенди бир қатырып баппадық-аў»,-деп. Бир ўақытлары Жумагүл алдымызға бир табақ қуўырдақты қойды да, қолына илинген кийимлерин алып өтә кетти. «Ҳаў, қурдас, хәзиллесип атырмыз, ойнағанға да ашыўланама екен. Олардың әдети ғой барған жерин бүлдирип жүретуғын» деп Даўытбай Жумагүлге жалынып-жалбарынып, өлердеги сөзин айтып (себеби, хәмме құрдаслары тек оған исенетуғын еди) әкелди-аў әйтеўир бир ўақытлары. Сондағы бизиң көзлеримиздиң тостағандай болып шығып кеткенин көрген адам бул жиллихана шығар деп тура қашқан болар еди. Бирақ Даўытбайдың сондағы даналық пенен айтқан төрели гәплери бизлердиң аса кеткен, оғыры гүдибузаршылығымызды жайғастырып, таза бир шаңарақтың бираз хәлекшиликке түсиўинен аман сақлап қалған еди...

Сол жерден шығып хәммемиз топарымыз бенен Төребайдың үйине келдик. Азғана сәўбетлесип, дем алып отырғанымызда үйге бир жигит кирип келди. Ол Кегейлиде қосықшы Сапарбай Данияровтың үйленгенлигин хабарлады. Тойға сол жерде отырган хәммемизди мирәт етти. Келеси шемби күни еки жеңил машина менен тойға бардық. Нөкистен барғанларды тойхананың жанындағы бир үйге орналастырды. Бизлер менен сол аўылда жасайтуғын белгили қосықшы Жуманбет Қайыпназаровта бирге отырып, хызмет етти. Дуўтар шертилип, қосықлар айтылып атыр. Гә Даўытбай, гә Жуманбет дәсме-дәс жарысқа түсип, қаракеңниң небир йошлы намаларынан хәм хәзирги композиторлардың соңғы қосықларынан айтып атыр. Даўытбай «Хожа бағман»ды айтса, ал, Жуманбет «Тоя алмайман қаракөз дийдарыңа»ны атқарды. Бизлер хәм аўыл ақсақаллары олардың қосықты тәўир-ақ меңгерип алғанының гүўасы болдық сонда.

Бир ўақытлары қонақларды сыртқа шақырды. Той басқарыўшы: «ал, ендиги гезек палўанларға» деди. Далаға шықсақ гүреске бир адам шықпайды. Жән-жағымызға қарасақ, тапалтаслаўдан келген, бирақ колларының булшық етлери бултыйып шығып кеткен бизлердиң шоферымыз Қурбанияз:—«Қәне маған ким шығады»,-деп қурды айланып жүр. Арадан 5-6 минут өткенше оган шығатуғын хеш ким табылмады. Ақырында «бас байрақ Қурбаниязға» деп семиз бир ешкини

әкелип, жибин қолына услатты. Соң бизлер «байрақ»ты машынға салып Нөкиске ҳайт қойдық. Ертенине тойға барған жигитлер, алып қайтқан сауғамызды сылтаулап, және үлкен отырыспақ қурдық. Буларды жазып атырғанымдағы мақсетим Дауытбай жумыстан, таза қосық репертуарларын таярлаудан қолы босамаса да, есабын тауып жақын досларының шақырған жерине барып, олар менен бирге болғанды парызым деп санар еди. Соның ушында заманласлары оның бул адамгершилик пазыйлетлерине, даналығына жоқары баҳа берип, оны бәрҳә төрге отырғызатуғын еди, ҳәтте туўысқанындай ҳүрметлейтуғын еди.

Дауытбайдың жақсы пазыйлетлерин дизип айта берсек таўсылып ада болмайды. Ол 1969-жылы Ташкент мәмлекетлик Консерваториясында устазлары Саодат Қабулова, Насим Хашимов ҳәм Сасон Беняминовлардан сабақ алып, орыс ҳәм батыс классик композиторларының тенор даўысқа ылайықлап жазған романсларын концертлерде атқарып жүрди. Әсиресе «Майсараның иси» операсындағы Чўпоналиниң арияларын сүйип атқаратуғын еди. Ол сол жылы бирге оқыйтуғын Наманганлы қарақалпақ, Әнўар деген жигит пенен танысып екеўи айырылмас дос болып қалды. Бизлер Дауытбай екеўимиз Әнўарға «Сағыныш»ты үйретип, ол соң усы қосықты Өзбекстан халық сазлары оркестриниң бас дирижери Даны Закировтың дирижерлығында Ташкент радиосына записке түсти. Бул қосық Әнўардың атқарыўында еле Ташкент радиосынан берилип турылады. Бир күни Дауытбай екеўимиз оны мирәт етип Нөкиске әкелдик. Нөкиске келген күнниң ертеңине бир топар жигитлер Әнўарды ортамызға алып Қызкеткен каналының жағасында сейил етип жүрсек Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген аға да сол жерде жүр екен. Биз ақсақалға Әнўарды таныстырдық ҳәм оннан Қарақалпақлардың Ферғана алабына қалай келип қалғанлығын сорадық. Азғана ойланыңқырап турып, ол киси бизлерге мыналарды айтты: «Билесизлер ме балаларым, олар Ферғана алабына бизиң ата-бабаларымыз түслик Арал бойына посып көшпестен 50-60 жыл бурын келип қалған. Сол дәўирде олар дүньяның барлық еллерине тарыдай шашырап кеткенликтен де қарақалпақлардың саны дым азайын қалған. Бурын олардың саны жүдә көп болған. Ал енди мына Әнўаржанның туўысқан баўырларын излеп келгени жүдә мақул. Сизлер оның бәрҳә қасында жүрип үлкемиздеги аты шығып атырған естеликлерге алып барың, зиярат етсин. Бақсы, жыраўлар менен таныстырың» деп айта келе Әнўарға қарап: «балам, егер, Нөкиске көшип келе ғойсаң қәнекей, Дауытбай екеўиңиз Марқабайдың енди жазылажақ операларын бирге қояр единлер. Марқабай ҳәзир мениң жазған »Макария сулыў» романымды қайтадан тирилтиў ушын балет жазып атыр. Қәнекей ҳәммеңиз бирге,

айтыуға арзырлық усындай ибратлы ислерди қолға алсаңызлар, миллетимизди дүньяға танытып қояр едиңлер-дә»,-деп ақсақаллыққа тән салмақ пенен Әнуарға қарап өзиниң жақсы тилеклерин хәм хошамет сөзлерин айтқан еди сонда Тилеуберген аға. Әнуар үлкемизде бир ҳәптедей саяхат етип, тикке Самарқанд арқалы Наманғанға қайтты. Ол соннан баслап Дауытбайдай таланттың жүдә сийрек болатуғынын оның қәдир-қымбатына жараса ҳүрмет көрсетилиуи керек екенлигин жүрген жеринде бәрҳә айтып жүрер еди. Бенденин қайсы айтқаны болып атыр ...

## ҲӘР СӨЗИ-ҲИКМЕТДУР, ҲӘР САЗЫ ДИЛ-ДАУАСЫ

«Ҳәр қандай саз сөйлеп турмаса, инсан қәлбинде от шығармаса пайдасы жоқ».

*Бетховен*

«Тәнды тек гөззал сазлардың ырғақлары ғана сауалтып жибере алады»

*Фарабий.*

... Қосықлар, қосықлар ... Әсиресе, Дауытбай атқарған қосықлар ...

Усы бизге жақсы, шийрин қосықлар неге керек? Ол қосықлар бизиң қәпесте қалған кеуил қусымыздың диң аспан әлеминде пәруаз етиуи ушын керек. Уллы немис композиторы Бетховенниң тили менен айтқанда дәртли қәлбимиздиң қараңғылықтан жақтылыққа, нурға, азатлыққа қарай атлығып шығыуы ушын керек. Рәң-бәрең гөззаллықлардың шәшме булағынан суусынымызды қандырып, дил тарларымыздың шадлыққа бөлениуи ушын керек. Әсиресе саз көркем-өнери ишиндеги қосық жанры инсанларды әдеп-икрамлы, әдалат пәруар етип тәрбиялауда басқа жанрлардан имканияты жүдә көп. Сонлықтан да өткен әсирдеги орыстың уллы қосықшысы В.Высоцкий: «Театрдағы, кинодағы ҳәм телеэкрандағы барлық жумысларымнан гөре өзим атқарған қосықларымды жоқары қояман», деген. Ол бул сөзлерди бийкардан-бийкарға айтпаса керек. Ҳақыйқаттан да бәлент лапыз бенен атқарған жақсы қосықшының йошлы хауазы бағлардың қулпырыуы, дүбелей дауылдың шууылдысы, бәйгидеги тулпар атлардың дүбирлиси, шақмақтың жарқ-журқ еткен отлары киби хәр бир тыңлаушының қалғып турған кеуил қусларын қуяш нурындай жақтыландырып жибереди. Әсиресе Дауытбайдың романс формасында жазылған деп тән алынған, композитор Ә.Султановтың «Көзлерим», «Бир жанан», «Алтын дәрьялықтың самалына» атлы вокал шығармаларын тыңласақ, Фархад болып тау-тасларды тас-талқан еткиң келип кетеди. Сени

муң аралас қууаныш, шадлық аралас айралық сезимлери ериксизден бийлеп алады. Нама ырғақларына шыдам бере алмаған қыялларың қайларғадур «ылағып» кетеди. Әне усындай сыпатламаларға жуўап қайтара алған қосықшы ғана өзиниң қандай халатта турғанын естен шығарып Наўайыша тәриплегенде «ақ йүзи атқан таңдай» сәуер ярының 14 күнлик айдай жамалын көриўге ынтығып, аңсап турған ашықлардай егитилип, барын төгип айта алады ... Даўытбай атқарған қосықлардың инсан кәлбине нур дарытып, ҳәр бир тыңлаўшысының көңилин бәлентлерге шарықлатып жибере беретуғыны тек соннан.

Искусство илимлериниң кандидаты Тәжигүл Адамбаева, өзиниң жазған «Қарақалпақ музыка тарийхы» атлы китабында: «Жақсы қосық шебер атқарыўшысына түссе көркейеди ... Даўытбай бул қосықларды оғада шеберлик пенен жоқарғы бағанаға көтере билди. Оның бойына питкен, балқыған ҳаўазы менен сахналық келбети бир қосылып тап Әжинияздың өзи болып, жақын келешекте театр сахнасына қойылатуғын Әжинияз ролин ойнап атырғандай еди. Оның атқарған намасы менен қыймыл қозғалысларынан, репликаларынан уллы шайырдың терең ойлары, бийик тулғасы көринип турады. Музыкада композитор тәрепинен шайырдың жүрек сезимлерин жеткерип бере алмаған ойларын Даўытбай ҳәр қыйлы вокаллық усыллар менен толықтырады», деп Даўытбайға жүдә жоқары баха берген еди.

Н.Мухаммеддинов, (Қарақалпақстан Республикасы композиторлар аўқамының баслығы): «Даўытбайдың қосықлары миллий ырғақларға бай, ал, өзи жүдә жағымталлы даўысқа ийе еди. Оның даўысының жүдә жағымталлы, жумсақ болыўының себеби оның минез-қулқынан келип шыққан болыўы керек деп ойлайман. Бундай деўимниң себеби ол жүдә жумсақ минезли, мулайым жигит еди. Даўытбай жүдә аз өмир сүрди. Соған қарамастан көп ўақытларға дейин халқымыздың есинен шықпастай естелик қалдырды. Ол естелик, оның атқарған әжайып қосықлары. Даўытбай атқарған қосықлар халқымыз арасында көп жыллар жасайды. Демек, оның өзи де халқымыз арасында жасап атыр деген сөз».

Парахат Хожанов, (Нөкис районының фермери, бир неше рет гүрес бойынша Өзбекстан чемпионы): «Даўытбай менен дуз-дәмек болған заманласларының биримен. 1970-жылы Өзбекстан чемпионы болдым. «Алтынкөл» совхозында Даўытбай менен бирге отырып оның сыңғырлаған даўысынан заўықландым. Сол тойда бойы еки метрдей Түркменстанлы Қозы деген палўанды жығып жеңиске еристим. Ал, 1972-жылы аўылласымыз, Даўытбайдың қаналас дайысы Турдымурат ағаның тойында оның менен тағы отырысып қалдым. Сол бас қоспада ол: «Парахат, сениң менен көп тойларда бирге болдым. Сен барлық жерде жеңип киятырсаң, мен сениң менен мақтанаман» деп қолымды

қысқаны еле ядымда. Оның жарқын келбети, хәмменің кеўлинен шыға алатуғын периштедей ҳақ кеўиллиги еле менин көз алдымнан кетпейди», деп еслейди. («Еркин Қарақалпақстан» ғазетасы 13.04.1995).

Ташкентте оқып жүргенде бир күни Даўытбай Нөкиске барып қайтты. Ол келе сала ҳаплығып маған: «баяғы айтқаныңа гезлесип қалдым, ол «бизиң Мәкеңе сәлем айт, Нөкиске қашан келеди» деп сорады. Мен сонда ол нашардың сенде көңли барма деп ойлап қалдым. Ал енди бизлер 8-мартты сылтаўлап аўылға барып қайтайық, шамаға келсе усы барғанымызда оны алып қашайық. Ол саған, «Жүйрик болсаң жетеғой, жеталмасаң қал жигит» деп бийкардан-бийкарға хат жазып жүрмесе керек-аў. Оның қосықларына ызғытып нама жаза бергенше оны сеннен бурын биреўлер тартып алып кетпестен бурын бир илажын көрейик яқшыма», деп бетиме бажырайып қарап отыр. Менде сес жоқ, лал болып қалыппан. Мениң ҳайран болып отырғаныма ол оннан да бетер ашыўы келип «Әй, әбзели сени өзим үйлендирип қоймасам болмас» деп және мениң бетиме қарады. Мен оған: «оқыўым қалып кетеди-ғой» десем, оның оннан да бетер өжетлиги тутып «екеўимизге ертең азанғы рейске билет әкелемен» деп турып алды. Азмаздан соң ол: «егер сен отказ етсең өзимақ оны қутлықлап келемен ҳәм ўақтым жоқ дегенинди сәўдигиңе барып айтаман», деп орнынан турып кетпекши болды. Күтилмеген бундай ҳүжимге ар-сарым шығып қәпелимде «яқшы, билет әкеле-ғой онда» дегенимди билмей қалыппан. Солай етип сол жерде «свидание» операциясын екеўимиз бирге ойласып, сызып алдық. Сызған Генпланымыз бойынша мен оны 5-март күни азанғы саат он бирде «свиданиеге» парктиң кирер аўзына шақыратуғын болдым. Ал Даўытбай сол жерге қаяқтандур киятырған болып көринип бизлерге «тап» болып қалыўы шәрт. Қулласы, бизлердиң Генпланымыз сәтли шықты. Әзелден келисип қойылған «Волга» машинасын «тутып» келип бизлер оны «бир жорамыздың туўылған күнине барып азмаз отырып қайтамыз» деп алдап-суўлап машинаға отырғыздығаў өлдим-талдым дегенде, . . Қысқасы, солай етип бизлер «Қараөзек қайдасаң» деп тартып отырдық «алламсаң» деп. Бизлердиң тойымыз 31-апрель күни болып өтти. Тойды, Даўытбайдың өзи басқарды. Сонда Даўытбайдың той мийманларына қарата айтқан даналық сөзлери ҳәм әжайып қосықлары еле қулағымда жаңлап еситилип турады ... Сол тойдан саррас он бир күн өткен соң Даўытбай Ўатан алдындағы азаматлық ўазыйпасын атқарыў ушын мени үйлендире сала армияға ҳайт қойды. Мен ҳәзир ойлайман: оның маған үйлен-үйлен дей беретуғынында бир сыр бар екен-дә ... (Ўақыялардың даўамын жақын жылларда орыс тилинде жарыққа шығатуғын «Тапқанларым, жойтқанларым, сәўер ярға айтқанларым» атлы китабымнан оқыўыңызға болады).

## «ЕРНАЗАРДЫҢ ҚЫР ҚАЛАСЫ»НА САЯХАТ

«Саяхат Даўыт киби намасы менен ағып турған суўды, ушып баратырған қусты тоқтата алатуғын қосықшыға минасип. Ол усындай гөззал пазыйлетлери арқалы инсан кәлбин жаўлап алады» ...

*(Шеразий: «Гүлистан» дәстанынан)*

Бир күни бизлер бир топар жигитлер Даўытбай менен «Ерназардың қыр қаласы»на сапарға атландық. Ондағы мақсетимиз батыр бабамыздың аяқ басқан жерлерин зиyaратлап қайтыў еди. Нөкистен шыққан күни Қараөзекте мениң менен бир класста оқыған Мақсет Сейфуллаевтың үйине қыдырып бардық. Барсақ қурдас роддомда босанып атыр екен, Мақсет ҳаялының ул туўғанын 4-5 жорасы менен белгилеп отыр екен. Бизлердиң келгенимизге төбеси көкке жетип, бир малды сойып таслады. Тост үстине тостлар көтерилип атыр. Бир ўақытлары ТашМИде оқыйтуғын Қыдырбай деген жорам Даўытбайға қарап: «Даўеке, қудай айдап келип қалған екенсең ал енди отырыспаны қыздырып, йошлы-йошлы намалардан алып отыр, достым» деди. Даўытбайда не турыс, қолға қаракеңниң ала мойнақ дуўтарын алып өзиниң соңғы үйренип жүрген таза қосықларының төрт-бесеўин дөңдирип таслады. Сол жердеги мениң менен бир мектепте оқыған қыз-жигитлер оның ҳаўазына, лапызына тәсийин қалып силтидей тынып, уйып тыңлап отырды. Бизлер сол күни Мақсеттиң үйинде қонып, ертеңине 91-автобазадан бир бортовой ГАЗ-53 машинасын сорап алып «Ерназардың қыр қаласы»на тартып отырдық.

Қазақдәрьяға жақынлағанда мал бағып жүрген шопанға жөн-жосағымызды түсиндирдик. Ол ғарры бизлерге қарап: «Балларым сизлер излеген жериңизге келип турсызлар, ҳаў анаў көринип турған шет жағасы рашқа айланып қалған жер әне сол «Ерназардың қыр қаласы»на салынған қорғанның сүлдери. Әбзели, мен атаңыздың руўхына бир қуран оқып жиберейин, кәне дизе бүгип отырыңлар» деп, қирәҳәтке салып қуран оқыды. Соң ол бизлерге Ерназар Алакөздиң сыртқы душпаннан қорғаныў ушын салған аты әпсанаға айланған қорғаны ҳәм Ерназар ҳаққында халық аўзында айтылып жүрген бир қанша аңызлардан айтып берди. Шопан ата менен хошласарда ол бизлерге: «Сизлердиң Ерназар атаңызға арнап келген зиyaратыңыз қабыл болсын, кәсиплериңизден камал тапқайсызлар. Батыр бабаңыздың руўхлары бәрҳә сизлерди қоллап қуўатлағай»... деп узыннан-узақ пәтиясын берди. Бизлер де оған рахметимизди айтып Шахаманға қарай жол алдық.

RESPUBLIKALIQ MA'LIWMLEME RESURSLER ORAYI'
INV № 83155

Усы жерде мағлыўмат ушын академик Сабыр Камаловтың қорған ҳаққындағы жазған пикирин келтирмекшимен: «Қорған Арал теңизиниң жағасында, Қазақдәрьяның қуяр жеринде салынды. Оның дөгерегине бийик етип топырақ үйилген ҳәм терең етип ор қазылған. Оның аты «Ерназар қала». Мен 1950-жылы көргенимде қорғанның қалдығы билинер-билинбес болып тур еди. Өйткени ол бир неше мәртебе суў астында қалған. Ол соңғы жыллары Қазақдәрьяны эксковатор менен қазыўға байланыслы қорғанның үстинен трактор ҳәм автомашиналар жүрип кеткен. Сонлықтан ҳәзирги күнлери оны бирден табыў қыйын». («Еркин Қарақалпақстан» газетасы 02.03.1993).

Солай етип Шахаманда Қалбай Аймуратов деген жорамыздың жездесиниң үйинде мийман болдық. Ертеңине топарымыз екиге бөлинип бизлер Нөкистен келген 5-6 жигит Шымбай қаласындағы Даўытбай екеўимизге, бизлердиң тарықпай оқыўымызға удайы қәўендерлик етип турған дүканшы **Азатгүл** әжапамның үйине қыдырып бардық. Алламберген жездем бизлердиң келгенимизге қуўанып бир малды сойып таслады. Даўытбай бир ўақытлары әжапама қарап: «үйде дуўтар барма», деп сорады. **Азатгүл** оған: «қарагым Даўытжан аў, жездең таксист болса, бул үйде оны шертетуғын адам болмаса, бул үйде дуўтар не жесин» деди. Даўытбай сонда: «ҳәр бир қаракеңниң шаңарағында бир дуўтар турыўы керек. Дуўтар шаңараққа удайы жақсылық шақырып турады. Бирақ, әжапа, ендиги келгенде обязательно үйинде дуўтар болсын, келистик-ғо «деп, сол жердеги жүрген жездемниң инилерин, Абыл менен Қабылға: «бар дуўтар таўып келиң», деп жумсап жиберди. Растан да дуўтар болмаса отырыспаның сәни болама? (бирақ, кейинги барғанымызда әжапам Сәлменбай бақсыға дуўтар соқтырып үйиниң төриндеги гилемге асып қойған екен). Ол жерде де тостлар айтылып қосықлар атқарылып атыр. Бир ўақытлары жездемниң жорасы Жақсымда бизлерди үйине шақырып келди. Топарымыз бенен ол үйге де бардық. Барсақ Нөкистен ол үйге Омирзақ жездем ҳәм оның тили жаңа шығып киятырған, бирақ «Талаба»ны қатырып айтатуғын ең кишкене қызы Зийбаш (ҳәзир ол театрда бас балетмейстр) пенен Зәриў әжапамларда қыдырып келген екен. Еки суткадан бери уйқыламай, шаршап келген бизлер, «аўлақта жатып бир дем алайық» деп келсек отырыспа қайтама барған сайын ҳәўиж алып кетти... Мениң бул жерде айтайын дегеним бизлердиң ол шаңарақлардан ишип-жегенлеримиз ғана емес, ал Даўытбайдың



Азатгүл

сонша жолдан шаршап келгенине қарамастан, сыр алдырмай қосықты айтқан сайын қайтама тасып, йошланған сайын қайтама йошланып, таң атқанша бүлбилгоя болып сайраўы еле ядымнан шықпайды. Даўытбайдың қосық айтқан сайын хаўазының кем-кемнен ашылыса беретуғынының сырын елеге шекем табалмай ҳайран қаламанда жүремен ... Ол хақыйқатында да миллетимиз арасынан жарып, дара шыққан тулға еди. Әттең !!!

## «ҚАЛБАЙ АШЫҚ»ҚА «ЕКИНШИ ДАЎЫТБАЙ» МЕНЕН САЯХАТ

«Саў адам гүзетипти бир кәстени таң атқанша,
ал азанда кәсте турып, саўдың жаны үзилипти».
«Әўладының жолын ашар жақсылар, жаманның
изинен топырақ шашылар»

*(Шеразий: «Гүлистан» дәстанынан)*

2003-жылдың 28-март күни. Бул күн туўылған күним еди. Сол күнниң ертеңине Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинде жуўаплы хызметте ислеўши жигитлер маған мениң 60 жыллық юбилейимниң Республика көлеминде өткерилетуғынын хәм соған таярлық көрип жүриўимди ескертти. Солай етип көп узамай университетте хәм басқа да оқыў орынларында бир қанша ушырасыўлар болды. Әсиресе, Қараөзек хәкимиятында өткерилген ушырасыў жүдә қызықлы өтти, соңы хәтте кишкене тойға айланып кетти. Ушырасыўдан соң мен Нөкистен келген мийманларды хәм юбилей шөлкемлести-



риўшилерин «Қаршығалы»да «Қалбай ашық» елатында жасайтуғын Айымхан әжапамның шаңарағына мирәт еттим. Әжапам бизлер менен усы ушырасыўға қатнасқан Даўытбайдың баласы Бахадырды көрип, көзинен жас айланып, жүдә қуўанып кетти. Өйткени, Қараөзекке Даўытбай екеўимиз жолымыз түсип барагойсақ әжапама сәлем бермей қайтпас едик. Хәр барғанымызда жездемниң Узақберген хәм Шанияз деген сазенде инилерине өзлеримиздиң шығарған қосықларымызды айтып, көрсетип, олардың бахалы кеңеслерин алып қайтар едик ...

Солай етип, отыrыспа қайтадан гүжип кетти. Бир ўақытлары Бийбираба, әжапамның үйине жыйналып қалган қоңсы-қобаларына «Шәрьяр» дәстанының қыямет жерлеринен жыраўдың тап өзи болып жырлағанда сол жердеги отырған айырым қыз-келиншеклердиң көзлеринде мөлдиреп жас тамшылары пайда болды. Өз гезегинде Бахадыр да тап Даўытбайдың өзи болып «Алтынкөл» хәм «Сағыныш»ты атқарғанда сол жерде отырғанлардың көбиси «хаў мына бала тап әкесиниң өзи-ғо, екинши Даўытбай-ғо» деп тәсийин қалып отырды. Мен бир ўақытлары йошып отырып жән-жағыма қарасам сол жерге қосық тыңлаў ушын келген жораларымның арасында «Қалбай ашық» жоқ. Сол жердегилерден оның дәрегин сорастырып көрсем ол Қазақстанға, саўдаға, Шымбайлы досты Алмагүл менен бирге кетип қалыпты ... Мениң бул жерде айтайын дегеним усындай дәрежеде, кең көлемде белгиленип атырған жақсы күнлеримде «Тербенбестиң Шер жүрекли бахадыры» деп тән алынған Өтегенниң де хәм «Қалбай ашық»тың да қасымда отырғанын аңсап едим. Себеби, ол екеўи, «ылашықтағы ышқы сазларымның» көркемирек болып шығыўына әдеўир тәсирин тийгизген аўылдағы ең жақын досларым еди-дә ...

Сондай-ақ сол барғанымда туўылып өскен аўылымдағы Реим Бегдуллаев, Айтмурат хәм Көшербайдай ағаларымды, Темирбай Жийенбаев, Жақсылық хәм Кеңесбайдай жораларымды, Шарафатдийин, Ғайратдийин, Парша хәм Гүлшаттай ини-қарындасларымды көрип Нөкиске жүдә көтериңки руўхта қайтқан едим сонда.

## КЕЛЕШЕКТИҢ ДАЎЫТБАЙЛАРЫ ХАҚҚЫНДА ОЙЛАР, БОЛЖАЎЛАР

«Бир еркектиң қушағында яр таўланып жатырса, екиншиси есик бағып отырса, ал бирақ екеўи де малақай кийгени менен парқ бар арада».

*(Шеразий: «Гүлистан» дәстанынан).*

Соңғы жыллары не ушын миллетимизден Даўытбай Қайыповтай, Базарбай Надировтай, Б.Мәтжановтай, Т.Дошумовадай, К.Сержановтай, К.Әбдикаримовтай сахра бүлбиллери шықпай атыр? Оның тийкарғы

себеби гәптиң ҳағын айтар болсақ саз-сәўбет әлемине келип-кетип атырған жарқын талант ийелерине еле де дыққат-итибардың азлығынан болса керек?! Ҳәзир телеэкранда қосық айтып жүргенлердиң көпшилигиниң дәрежеси ҳәўескерлер дөгерегине қатнасыўшыларынан ҳасла парқы жоқ. Бизге ҳәўескерлер де керек, ал, бирақ, халықтың шетинен жыраў я бақсы емес-ғой. Халық олардың шийрин ҳаўазына ҳәўес. Сонлықтан ҳәзирги бир қанша сахра бүлбиллеримиздиң қайсы ақбаслықтың арасында яки «Тербенбес» тиң қалың қопаларының ишинде «Даўытбайды атқанлар мениде атпай қоймайды» деп жасырынып, жан саўғалап жүргенин бир қуданың өзи биледи. Екинши сораў: Шыптаны еплеп тоқый алатуғынлардан гезлеме тоқыўды дәме етип жүрген қандай адам өзи ... Талант халықтың мүлки емес пе? Тәңиритаала ҳәр миллеттиң несийбесине бола өз фазлынан бизлерге қайтарылмас сахра бүлбиллерин сықмарлық етпей төгип қойған болса ал оны биз халықтың дәртине жарата алмасақ, онда бизлердиң Қудай алдында ким болғанымыз? Ҳәдисте жазылыўынша: билим алып оны ел пайдасына жумсамағанларды ҳәсий бенделер қатарына санайды екен. Әне усы саўаллар мени қатты толғандырады, ал сизлерди ше?

Әй заманлас достым! Усы саўаллар сизлерди де толғандыра ма? Толғандырса да, толғандырмаса да ал бирақ мен сизлерге азғана ой салып, өз ҳүжданым алдындағы парызымды өтедим. Набада гейбиреўлериңизди, мениң айтқан пикирлерим толғандыра алмаса, онда жүре бериңлер соқақлаған «Турсынбайлардың» «Ешпай»ын тыңлап! Түбинде бир ушырасармыз геўгимде, баяғы «Қалбай ашық»тың гөне ылашығында, «Бозатаў»ды «Квартет»ке, «Секстет»ке салып, «Қайлардасаң сәўер ярым», деп ...

## ИЛҲАМЫ-ИЛАҲИЙДУР, МӘНЗИЛГӘҲИ-НУР ДӘРЬЯСЫ

«Что сознательная жизнь может продолжаться внезависимости от физического тела ... Если есть бессмертная душа, значить есть Бог ...»
*(П.Калиновский. кн. «Переход». Москва. 1991).*

Даўытбай атқарған қосықлардың илаҳийлығы ҳаққында ойлар: Әй инсан, сен кимсең? Бул ялганшы дүньяда жасағандағы мақсетиң нелерден ибарат? ...

Ҳәр бир инсанды әзелден: «Бул дүнья қалай жаралған? Ол өзиненөзи пайда болған ба, яки, оны қандайда бир ақыллы зат жаратқан ба? Не себептен биз дүньяға келип кетемиз?»-дегенге усас сораўлар қызықтырады. Буннан еки ярым мың жыл бурын жасап өткен Грек данышпаны Мелис, тәбият ҳаққындағы китабында: «Әлем пайда

болмастан бурын бослық болған ба? Хасла бослық болмаған, себеби, бослық хеш нәрсе. Демек, хеш нәрсе өзинен-өзи пайда болмаған. Хеш нәрседен әлемниң пайда болыўы мүмкин емес, демек, әлем мәңгидур» деп жазады.

Ҳақыйқаттанда инсан ақылы, санасы шекленгенликтен биз әлемниң жаратылысы ҳаққындағы ойларымыздың ушына жете алмас екенбиз. Биз жасап турған мына үш өлшемли әлемде оны аңлап жеткендей қуралдың өзи де жоқ қусайды.

«Инсан руўхы адам өлгеннен соң да өз санасын раўажландырып жасай береди, руўх мәңгидур» деп жазады Ибн Сина өз «Уржуза» атлы китабында. Оның жазып кеткен бул пикирин ҳәзир медицина илими де тастыйықламақта. Соңғы жыллары медицина илими руўхтың мәңги жасай беретуғынын илимий жақтан анықлаўға еристи. Мәселен: О дүньяға ўақытша «барып» қайтқанлар, ол жерде де завод-фабрикалардың барлығын, таў-тоғайларды көргенлигин, әжайып музыка тыңлағанлығын айтып берген. Олардың тәрийпин жеткерип сүўретлеўге биз жасап атырған ялған дүнья адамларының санасы, ақыл-хуўшы жеткиликсиз қусайды ...

Гәп шексиз әлемлер ҳаққында кеткенде биз яғный антиматериялық ҳәм материаллық әлемлерди нәзерде тутып атырмыз. Руўх-метафизика яғный ғайрытәбийий, басқа өлшемдеги әлем. Оған усы дүньяда жасап атырған жанзатлардың ақыл-хуўшы жетпейди. Ал үш өлшемнен ибарат материаллық әлем усы ялғаншы дүнья. Әне усы ялған дүньядағы инсанларды жаратқан ийем руўх ҳәм тәннен ибарат етип жаратқан. Бирақ руўх пенен тән хеш қашан бир-бири менен келисе алмай, ялған дүнья ләззетлери руўхты кисенлеп қояр екен. Сонлықтан руўх материаллық нәрселердиң батпағына батып қалар екен. Әне инсан енди усы қарама-қарсылықларды тең басқара алса ғана руўхый камалатқа көтериле алар екен. Басқаша айтқанда егер тән үстем келсе нәпси бәлесине, ал руўх үстем келсе ол адам илаҳий күш-қудиретке ийе болар екен. Соның ушында адам тек тәниниң ғана ләззетин ойлап жасаса қараңғылыққа, ал руўхын парўазландыраман деп оқып изленсе нурға қарай жол алар екен. Тасаўып тарыйқаты инсан өмирин усы еки орталықтағы таңға мегзетеди. Сонлықтан ҳәр бир адам өз руўхын тән қулына айландырмай, керисинше, тәнди руўхтың әспабы сыпатында хызмет қылдырмақлары шәрт. Буларды қаракенше әпиўайы сөзлер арқалы тәрийплесек, мәселен: тәнди саз әспабы деп алсақ, ал онда ҳәр қыйлы сазларды ойната алыў руўхтың кәраматы екен. Сонлықтан жүдә руўхы күшли инсанлар өзиниң илахийлығы менен ажыралып турар екен ... Тәңритаала бизлерди өз рахманий нәпесинен

жаратқан екен, демек, усы дүньяда жасаўшы хәр бир инсан Парўардигар руўхының бир бөлшегидур. Демек, Ҳақтың, жаратқан ийемниң нурлы дийдарына ашық болатуғынымыздың сыры да соннан екен. Сонлықтан ҳәзирети Наўайы бабамыз: «Ышқы парлап турған жулдыздур, башарият көзиниң нур-зиясы. Ышқы балқып турған айдур, қараңғы көңиллер көшеси оннан раўшан. Ышқы сондай қайсардур оның алдында патша да, гәдәда тең. Ашық-ышқы бәлесине гириптардурлар. Бул азапты бастан кеширмеген билмейдилер»... деп жазады. Ал шайыр Машраб, инсан руўхын булаққа мегзетеди. Ол: «Булақтың мақсети-дәрья суўына қосылып, сиңип кетиўден ибаратдур. Булақ инсан қәлбиндеги гәўҳар, инсан руўхыдур. Ал дәрья-Тәңритааладур. Өзлигин, түбинде өзиниң дәрьяға тийисли екенлигин аңлаған ашық, барқулла оған қосылып кетиўге умтылып, Ҳақ жамалын көриўге интизар болып жасайдылар. Өзлигин, өзин Қудай руўхының бир тамшысы екенлигин танымаған адам шын инсан емесдур»,-деп сүўретлейди илаҳий ашықлықты ол өзи жазған ғәззеллеринде. Демек, талантлы қосықшылардың да сыр-сынаҳәтке толы ҳаўазлары биз аңлап жете алмайтуғын алыс әлемлердиң сазалары екен-дә. Ол сазаларды тек миллетимизден дара шыққан Даўытбай Қайыповқа усаған илаҳий талант ийелери ғана бизге жеткерип бере алар екен-дә ... «Даўытбайдың атқарыўында бир қанша қосықлар тыңладым. Ҳәтте мен оның менен Қазақдәрья ҳәм «Ерназардың қыр қаласы»на сапарға да шықтым. Оны өзиңиз шөлкемлестирген едиңиз. Даўытбай менен бираз күн дуз-дәмек болдым. Ал енди мениң бир аңлағаным: Ол қосық айтып турғанда гейде көзин жумып-ашып, әтирапында хеш ким жоқтай, қосықты биреўдиң ҳүкими менен айтып турғандай етип атқаратуғын еди. Бунның сырын елеге шекем түсине алмай-ақ қойдым. Мениңше ол қосық айтып турғанда оны қандайдур илаҳий күш басқарып, қосықларының сыйқырлы күшке ийе болыўына өз тәсирин тийгизип турса керек, деп ойлайман» деген еди «Қуралпа» фермер хожалығында жасаўшы мениң менен бирге оқыған жорам Жәлий Өтемуратов оның менен соңғы ушырасқанымда. Оған жуўап: Илаҳий сазларды изертлеўши Л.Г.Бахман, композитор **Брукнер** ҳаққындағы мақаласында: «Оның қудай алдындағы жуўапкершилигиниң шеги жоқ еди. Ол маған былай деди: «Бир күни маган бир достым келип: Тек диний музыкаларды жаза бергенше басқа намаларды да жазсаң болмай ма», дейди. Әлбетте, мен оларды да жаза аламан. Бирақ, илаҳий музыка жазбаўға мениң ҳуқықым жоқ. Себеби жаратқан ийем мыңлардың **ишинен тек мени таңлап алып, талант саўға етип қойыпты.** Мен оған жуўап бериўим шәрт. Ал, егер, басқалардың жорығына жүрсем, қудайды ойымнан шығарып жасасам

мен кандай адам болғаным». Жәнe ол өз макаласында: »Ҳақыйкатында да биз илаҳий илҳам менен дөреген шығармаларды тыңласақ оларда кандайда бир метафизикалық илаҳий сазаларды еситкендей боламыз» деп жуўмаклайды өз пикирин Л.Г.Бахман. Демек, жоқарыдағы айтылған сөзлерден жуўмақ шығарсақ: биз Даўытбай Қайыповтың да илҳамы-илаҳий, мәнзилгаҳы-нур дәрьясы екенлигиниң гуўасы боламыз.

## КЕЛЕШЕКТИҢ ДАЎЫТБАЙЛАРЫНА МӘСЛӘҲӘТЛЕР

*(соңғы сөз орнына)*

«Алға өрлеўди (цивилизацияны) тек озық ойлы инсанлар ғана иске асыра алады»

*И.А.Каримов.*

Балам! Әлем жаратылысы ҳәм ҳәр бир инсанның күнделикли өмиринде жүз берип туратуғын жақсы-жаман ўақыялар ҳаққында ойлаў укыбы менде жүдә жас гезимнен-ақ пайда болды. 13-14 жасларымда мектепте оқып жүргенде «Қаршығалы»дан 4-5 км алысырақтағы район орайына барып, бирге оқыйтуғын жораларым Қалбай, Кеңесбай, Ернияз ҳәм Жақсылықлар менен ҳәптесине 2-3 рет ҳинд кинофильмлерин көрип қайтар едик. Бир күни кеште аспандағы шоқ жулдызларға қарап: «Ҳаў усы сан-санақсыз жулдызлар арасында да жерге усас планеталар бар шығар? Ол планеталарда да мен секирсем секирип, мен жуўырсам жуўырып мениң тап өзимдей жасап атырған басқа Марқабайлар да бар шығар» деп таң атқанша ойлап шыққаным есимде. Демек, мен де сол жыллардан-ақ дүньяда жүз берип туратуғын ҳәр қыйлы қубылысларды ойлаў фантазиясы пайда болса керек-аў деп ойлайман, мен ҳәзир.

Химия пәниниң атасы Менделеевтиң: «Қағазға түспеген ойың жоғалтқан ғәзийнең» дегениндей-ақ сол жыллардан баслап ҳәзирги күнге шекем басыма «жабысып» алған гейпара пикирлеримди күнделик дәптериме жазып келемен. Бул ойлап тапқан ҳәтте балалық дәўирден жолдас болып киятырған «ҳөнерим» бир қанша жерде дәртиме жарап киятыр. Маған гезлесип туратуғын ҳәр қандай тосықларды писент етпей жеңип шығыўыма ҳәм өзимниң аңсаған арзыў-әрманларымның сәтли жуўмакланыўына көп тәсирин тийгизип киятыр.

Балам! Сизлер жоқарыда өзлериңиздиң руўхый устазыңыз Даўытбай атаңыздың бастан кеширген ҳәсиретлеринен хабардар болдыңлар. Енди мен сизлердиң ондай унамсиз ҳәдийселерден аман болыўларыңызды тилей отырып уллы философлардың ибрат аларлық гейпара афоризмлерин ҳәм өзимниң педагогикалық тәжирийбемнен пайда болған, өмирдиң ойлы-бәлентлеринен узақ жыллар даўамында топлап жүрген

пикирлеримди сизлерге сабак ретинде баян етпекшимен: Бул жазылған пәндиў-нәсиятлардан қай дәрежеде пайдаланыў әлбетте хәр бириңиздиң билим дәрежелериңизге хәм қәбийлетлериңизге байланыслы. Бир данышпан айтқанындай «Сизлердиң хеш нәрсе билмегениңизден, керегинен артық билгениңиз абзалырақ». Демек, олай болса тыңла, балам!

«Қыянетшиниң бул дүньяда узақ өмир сүриўи өзиниң жақсылығынан емес. Олар өзлериндеги жаманлықларды қылып таўыспағанша Қудай оған мәўлет берер екен. Бирақ олар инсапқа келмесе Аллаға шүкир айтыўды умытса Тәңриниң дәргайына қайтпас екен, қайтама оның қәхәр-ғәзебине ушырар екен». Хикмет: «Бир күни Ийса пайғамбарымыз жолда бирқанша ақмақларды көрип олардан жүз үгирип қашты. Сонда оған сахабалары, (шәкиртлери): «Сизиң шарапатлы нәпесиңизден қаншадан-қанша туўма гүңлер шыпа тапты. Сиз хәтте бирқанша өлилерди де тирилитип жибердиңиз. Бул ақмақларға да бир дем урсаңыз жазылып кетер еди» дегенде, Пайгамбарымыз: «Мениң нәпесим Алланың хәмири менен хәтте өлилерди де тирилете алады. Ал, бирақ ақмақ адамға тәсир қылмас. Себеби ақмақлық-Алланың қәхәридур, дедилер». «Достының абройын қорғап қалған адамды Аллатаала дозақ отынан қорғап қалады», («Хадис»тен). «Мына ис мениң қолымнан келмеди деп, өзимизди-өзимиз жубатқан боламыз. Бирак биз ондай емеспиз, ал еркимизди басқара алмағанлықтан, өзимизди басқарыўдан махрумбыз» (Ларошфука). «Басыңа ис түстиме оның хақы оны қахарманлық пенен жеңиў», (Фенолон). «Хеш қашан ашылмай қалмайтуғын сыр жоқ», (Пришвин). «Тазы ийит кийикти қуўыпты, - Маған жетип бопсаң депти, кийик. Неге? -Себеби мен өзимди қутқарғалы жуўырсам, ал сен үй ийесине жағыныў ушын жуўырасаң, айырмамыз тек сонда», («Калила хәм Димна»дан). «Ақыл арқалы жетисе алмаған нәрсеңе гейде ар-намыс пенен ерисесең», (Петрарка). «Қарама-қарсылық, демек, теңлик», (Бомё). «Инсан өзиниң ўазыйпасы болған исти бежериўге қәдир», (Фихте). «Дүньяда жеңип болмайтуғын хеш нәрсе жоқ», (Суворов). «Мен дүньяға жақтыны көриў ушын шыққанман», (К.Бальмонт). «Жаманлар хәмме жерде көпшиликтен ибарат», (Биант). «Дүньяда сондай адамларда бар оларды хәтте Қудайда бийкарлайды», (Фома Аквинский). «Биз атты ер-турманының гөззаллығы ушын емес, ал оның күши хәм шапқырлығы ушын мақтаймыз», (Монтень). «Ақмақлар биз ойлаған шелли жүдә көп емес, адамлар тек бир-бирин түсинбейдилер», (Вовенарг). «Жаратылыстан саўға етилмеген талантты хеш қашан қолға киргизе алмайсаң», (Вольтер). Усы жазылғанларды дурыс түсинип жасасаң хасла шеп болмайсаң, балам!

Балам! Дослықтың биринши шәрти исеним, ал гүман басланса

олардың дослығы да ада болады. Сеннен тек бир нәрсе өндириў ушын саған емешеси курып жүрген кимселердиң дослығы олардың бауырманлығынан емес, ал ашкөзлигинен. Ясенский айтқандай: »Бир-бирине сорамай-ақ жәрдем бере алған дос, нағыз дос, жалынып сорап алғаннан дос болды ма?! «Тек ҳақыйқый достыңның қолы ғана сениң жүрегиңе шаншылған тикенди суўырып ала алады. Сен шын досты тек кәлбиңниң хәмири аркалы таңлай аласаң, ал оның жалатайлығынан емес.

Шын досты таңлаўдың сыры кәлбиңниң ақыл тиси өтпейтуғын өз заңларынан хабардар болыў. Сонлықтан поэзия мүлкиниң султаны Наўайы, жаман, надан дос туўралы: «Надан билим липасынан маҳрум, оның талабы тәкаббырлық, гәрдийиў, басында бийхуўда жүз мың қыял» деген.

Дүньяда ҳийлекерлик пенен шуғылланып жүрген адам олсыз ҳәргиз жасай алмайды, оған әдеп-икрамлы өмир зеригерли түйиледи. Ақылы сайыз еки жүзли жалатайлардың күши жүзмың перде артында жасырынған болады. Рууҳы майыплықтың және бир түри-арсызлық. Балам! Оларды билгиң келсе, олар менменликти шара сыпатында қолланылады. Олар жақсылықтың кәдирин билмейди ҳәм өзлериниң хеш нәрсе билмейтуғынын хәтте өзлери де билмейди. Ондай адамлар нағыз надан адамлардур: Зәң темирди жесе, жала адам жүреғин кемиредилер ...

Балам! Жақсы ҳәм жаман хәдийселер өзлеримиздиң мийимизде қатып қалған пикирлерден келип шығады. Кәле өзиңди жақсы сорттағы яки төмен сорттағы товар деп сана. Өмир саған не тилесең соны береди. Жаман адамның тасбаўырлығына күйип-писиўдиң хасла кәжети жоқ. Ол сениң от не ушын ыссы деп таң қалғаның менен барабар. Олар негизинде өзлериниң өзлерине берген баҳасына бола солай жаратылған. Егер сондай адамларға набада ушырасып қалағойсаң, өзиңниң олардан үстинлигиңди хасла билдире гөрме. Өзиңди сахна артында көрсет. Мақтумқулы айтқандай негизинде сен «олар менен ҳасла отырма-турма» себеби, хәзирге шекем тат басқан темирдиң мақпал менен тазаланғанын хеш ким көрген емес, «сен сондай жақсы бол, иши қаралар сеннен мин табалмай ишлери жансын». Он жерден атылып турған булақтың көзин питеп таслаған менен ол булақ бәрибир он биринши жерден атылып шыға береди. Сонлықтан «шайқаспа жаман менен сөз зая етип, ол әзелден қудай ғарғаған адам, қызғаныш отында бәрхә қуўырылады ол» ... Ҳикмет:

Балам, сен Таль тилсиматы ҳаққында не билесең? Билмесең тыңла! Шахмат бойынша дүнья жүзиниң бир неше рет чемпионы болған Таль, хәтте илажсыз ҳалатларда да хасла түскинликке түспес екен. Ол ҳаққында гроссмейстрлер былай деп жазады: «Ойын ортасында

қарсыласы оған дузақ таярлап атырғанын сезип қойды. Бирақ Таль қарсыласы ылғай алмайтуғын тереңликтен шешим тауып, дузаққа қарсы дузақ қурды, ҳәм жеңиске ерисτи». Ол сонда: «Жеңисимниң тийкары руўхый жақтан үстинлигим еди»,-дейди. Ол «душпаны»ның өззи таманларын излеп таба алар еди. Онын усындай даўамлы, руўхый шайқасына хәрқандай шахматшы да шыдам бере алмас еди». Және бир ҳикмет: «Ол гүрестен мойын таўлады, ал оннан өмир мойын таўлады. Адам таңланбағы керек, оның күши сонда (бул жерде автор, жаратқан ийем тәрепинен таңланбағы керек екенлиғин айтып атыр. М.Ж). Таңланбайтуғын адам қудайдың нәзеринде өлген адам... Әпиўайы адамлар аўыр дәртке шатылғанда нашар болады, ал олар тек өзлеринен үмидўар болмағы керек. Базы бир ҳәдийселерди бастан кеширмесликтиң ҳасла илажы жоқ. Себеби Қудайдың кәлеўи сондай. Оның Қудайға неге керек екенлиғи мәлим емес, оған қарсы турыўдың да пайдасы жоқ. Ол сениң менен Қудай арасындағы саўаш ... Қудай ҳәр бир адамды сынақтан өткизеди. Инсан баласы, «сениң гүресиңде қандай мәнис бар» деген Қудайдың тек бир сораўына жуўап бермеги керек. Сонда бул сораўға жуўап бере алмайтуғын адам тәслим болады, тәғдирге тән береди. Ал өмирден мазмун ақтарғанлар қарсыласады, өз тәғдирине қарсы барады. Сонда алыс әлемлерден нур түседи. Ол ҳәр бир адамның талантын ашып береди. Дәўжүреклер жаманлыққа от қояды хәм есапсыз руўхый азаплар есесине болса да ҳәтте Қудайдың буйрығынан да жүз бурып алға адымлай береди. Оларға аспаннан бақлап турған Қудай қуўанғаннан күлимшырайланады, ақыры ол әйне соны кәлеген еди-дә. «Ҳәр бир адам өз жасаған өмири ушын өзи жуўап берсин» дейди ...

Жаратқан ийем бенделерине таңлаў, қарар қылыў қәбилетин берген. Тек қәлблеринде муқаддес от жанған инсанлар ғана тәғдир менен алыспаққа жүрек ете алады. Тек олар ғана оның (Қудай) ышқына қайта алып келер жолдан хабардар. Тек сондай адамлар ғана бахытсызлық жаза емес, ал сынақ екенин аңлаў мақамына көтерилген болады». Бул ҳикметли пикирлер: отыз жасында дүньяға танылған, шығармалары 118 мәмлекетте жарық көрген, дүнья жүзиниң отыздан аслам әдебий сыйлықларын алыўға миясар болған Коэланың «Алхимик» романынан алынды. Сонлықтан Грек философы Корнеад: (212-129) «Болып турған ҳәдийселердиң хәммеси де тәғдири әзел мийўасы емес, ал олардың бир қаншасы өзимиздиң ҳүкимимизде» деп бийкардан-бийкарға жазбаса керек. Демек, балам, тири екенсеӊ еле хеш нәрсемди жоғалтпадым десең де болады. Демек, ҳәр бир инсан өзиниң бахты ушын гүресип жасаўы керек екен. Мәселен: көре биле тура бир адам қулайын деп турған гөне дийўалдың түбине барып

жатып алса, соң дийўалдың астында қалып өлсе, оны тәғдирге жорып бола ма? Демек, хәр бир инсанның өзи аңсаған арзыўына ерисе алмаўы жасаған өмиринде ушырасып туратуғын хәр қандай тосқынлықларға ҳеш қарсылық көрсетпей әззилик етип, өз еркин жоғалтыўдан басланар екен ...

Балам! Ҳәр бир инсанның бенделер ушын саўап боларлық ис көрсетиўи, ғәрип-қәсерлерге жақсылық етиўи олардың Қудай жолына атаған садақасы. Егер ол қолыңнан келмесе ҳеш кимге жаманлық қылмай, нахақтан биреўлерге жала жаўып зыян тийгизбей жүрсең ол да қудай жолына аталған садақаң. Ҳәр бир бенде Алланы өзине пана, ғамхоршы есаплаўы, жалғызлықта қасымда жаратқан ийем бар деп жасаўы шәрт. Жақсы тәрбия көрген илимли инсанларға жолдас болсаң, олар сендеги перде артында жасырынып жатқан жақсы руўхый пазыйлетлериңди оятады. Ал ақшаға, атаққа көзи тоймайтуғын, биреўлерге зыянын тийгизбей жүре алмайтуғын гейпара нәкасларды данышпанлар ҳәтте хайўанлардың да пәс дәрежесине теңейди. Билип қой! «Мәртлик ҳаққында көбирек иши қаралар сөйлейди». Ал, гейпара жарамас кимселердиң руўхлары жүдә пәс дәрежеде болғанлықтан, олар бәрхә аяғыңнан тоғанақ шалып, жаманлық ислемей жүре алмайды.

Балам! Гейбир еки жүзли, ишиқара адамлардың жаманлыққа жаны үйир болып кетеберетуғыны, көбинесе олардың жаратылысынан емес, ал өзи жасап турған орталық тәрепинен қәлиплестирилетуғынлығында. Сонлықтан қайсы бир елде руўхый байлықлардың баҳасы төменлетилсе ол елде Қудай таланттан қысқан, ҳеш нәрсеге тойымы жоқ, нәпси бенделериниң жоқарғы лаўазымларға көтерилиўине жол ашылған болады. Соң талантлы адамлар менен ортамияналар арасында аяўсыз шайқас басланады. Кешеги бизлер жасап өткен дәўир тап сондай еди, балам ...

Кешеги дәўирде материалистлер бизлерге усы өмирден басқа өмир жоқ, өмир материядан ибарат, рўх деген нәрсениң өзи жоқ. Сезгиге тек материя тәсир көрсетеди деп уқтырды. Ҳәтте олар адамның ойлаў уқыбында мий клеткаларының химиялық процеси, деп санады. 1967-жылы атеист Ершов өз мақаласында: «Адамның руўхын өлмейди деп қараў ойсызлық. Адам өлгеннен соң рўхта өледи ал рўхты мәңги жасайды деп жүргенлердиң гәплери ойлап табылған фантазия» деп жазған еди. Бул кешеги тоталитар жәмийеттеги атеистлердиң динге қарсы қаратылған пикирлери еди. Мәселен пикир ҳәм меҳрибанлыққа усаған нәрселерди де баўыр яки өт қалта бөлип шығарар ма сирә? Ақылға уғрас келмейдиғой. Олар тек рўхтың қуўаты арқалы ғана пайда болады. Бул илимде дәлийлленген факт. Ҳеш бир атом яки оның бөлекшелеринде хеш қашан пикир болмаған ...

Балам! Жанзат деген не? Ол атом бөлекшелеринен ибарат. Онда жәнe хеш бир әсбап пенен өлшеп болмайтуғын нәрсе бар. Ол материядан жоқары турады. Ол рӯх. Рӯух материядан жоқары туратуғын инсанды инсаний зайыплықтан жоқары көтере алыӯы арқалы өзин билдирип турады. Усы еки ҳалатты тәрезиге тартып өлшеп көрер болсаң, тәрези пәллесиниң рӯх таманы оғыры басымырақ екенин биз жоқарда келтирип өткен мысаллардан көриӯимизге болады. Демек, солай екен, дийӯалды аӯған жагына қарай қулатып жибериӯимиз керекке усайды ... Расында да кешеги жәмийет жаратқан Алланы панаҳым деп жасайтуғын бир қанша зиялы инсанларға ата-бабаларымыздан бизге мийрас болып киятырған рӯухый қәдириятларымызды, өзлериниң турмыс тиришилигине қолланып жасаӯына ҳасла имкан бермеди.

Сонлықтан жақсы-жаманды ажыратыӯ уқыбынан айырылған ондай жәмийет ақыбетинде тарқап кетти. Ҳикмет: Бир мәмлекеттиң ҳайӯанат бағында бир пил байлаған қазығының әтирапында жүз жыл айланып жасапты.Ақыбетинде байлаған жиби желинип-желинип үзилипти. Жиптен азат болған пил қазық әтирыпында және жүз жыл айланып жүре беретуғын қусайды... Кешеги дәӯирди еле аңсап жүргенлерге тийисли бул ҳикмет.

Ҳикмет: «Бир сапары бир адамға араласып қалып, даӯысы бәд бир қосықшыны тыңлаӯға мәжбүр болдым. Қуйқаң жуӯлар еди дуӯтарын шертсе, жаманлық хабардай бәд еди сести ... Тыңлаӯшылар ғә қулағын басып, гә оған «өш» деп ым қағар еди. «Сынап келтир дедим үй ийесине, қулағыма қуйып тыныш табайын, я шығып кетейин аш есигинди» ... (Шеразий: «Гүлистан» дәстанынан).

«Мениң жазған қосықларымды үйренип, айтып жүрген бир шәкиртим бар еди. Мен оған устазлық етип ҳәтте оның бир лаӯазымға көтерилиӯине де себепши болдым. Бирақ әмел қолға тийген соң ол маған ҳәкиреңлеп сөйлеӯге қарады. Сонша жыллардан берли оның дарылдақ даӯысын жумсартып қайта «ремонтлап» миллий ырғақларға бейимлестиргенимди қәйтерсен! Бәри бир пул болды. «Соқырдың соңына бақ» дейди ғой дана халқымыз... Кәсиплеслериниң гәпине қарағанда ол өзи ортадәрмиян талантқа ийе болса да, бирақ оның басқаларды ҳасла көре алмайтуғын «қызғаншақ» атлы «кесели» бар екен. Оның сол сүринкели кесели бир күни асқынып кетип, өзинен де үлкенлеӯ бир ҳәмелдардың «таяғынан», гүзги қуӯрап қалған шақалай ҳәмелинен ушып түсипти «бийшара»-деп гәп қылып отырды бир кәсиплесим, турпайы шәкиртлериниң бири ҳаққында... Ҳикмет: 350 усылды билетуғын бир палӯан өз шәкиртине 349 усылын үйреткен екен. Сонда шәкирти «устазымның барлық усылларын өзлестирип алдым-ғо» деп оны набыт етпекши болыпты. Бирақ устазы, «бир қәдеме

жарап қаларсаң-ау» деп саклап қойған соңғы усылы менен ақ шәкиртиниң омыртка сүйегин пыт-шыт етипти... Демек, даналар: «Сауаш қур соның менен, куусаң жетермен болсаң, кашсаң кутылар болсаң» деп бийкарға айтпаған екен дә... Эпиктет (50-135) инсанлардың Тәңиртаала алдындағы уазыйпасы ҳаққында: «Сен драмада қатнасып атырған бир актерсаң, демек, сениң уазыйпаң: «Сен режиссер тәрепинен өзиңе ылайыклап тапсырылған ролиңди ғана қәтесиз атқарып шығарыуыңнан ибарат, ал ролди бөлистирип бериу тек режиссёрдың, яғный жаратқан ийеңниң қолында» деп жазады. Мәселен гей биреулер қолынан келмейтуғын иске асылып өзин де, өзгелерди де ҳәлекшиликке салып жүреди-ғой. Я тоба!

Балам! Сатқынлыққа, қызғаншақлыққа усаған жаман қәсийетлер адамзаттың генинде бар болыуы мүмкин десек те ал бирақ бир-биринен қыз алыспайтуғын оған руулас болған бир кимсениң ойсызлығынан Дауытбайдай сахра бүлбилимизден кәпелимде айрылдық-та қалдық... Мениңше оннан айрылып қалғанымыздың анық диагнозы: Бизде Абыл Қабылды тән алмайды!!! Уассалам!!!

Балам! Бизлердиң барлық кәтелеримиздиң түп тийкары билимлеримиздиң азлығынандур, кәмил инсан дәрежесине еле ерисе алмай атырғанымыздандур.

1600-жылы астраном Бруноны «жер шары қуяшты айланады» дегени ушын-ақ отқа жағып жиберген екен. Бруно бийшара жанып баратырып «отта жақпақлық-бийкарламақ деғени емес-ғой», депти-де наҳақтан жанып кете берипти. Сол сыяқлы Дауытбайды да тек талантының басқалардан үстинирек болғаны ушын-ақ өлтирип жиберди. Ал енди, «оны из-түссиз жоқ қылып жибердим» деп ойлағанларға бир сорау?

«Ҳау оның ҳауазы хәр күни радиода жаңлап турған болса, ал ол қалай из-түссиз жоқ болып кетер екен? Қәне, жууап қайтарыңлар? Жууап қайтара алмас екенсизлер логикалық жақтан алып қарағанда да демек онда сизлердиң ислериңиз оғыры әнтек болған... Себеби оның ҳауазы хәр күни радиода жаңлап турған болса демек, ол тири, арамызда еле жасап атыр деген сөз, соны билип қойыңлар жарамаслар!!!

Балам, буннан еки ярым мың жыл бурын жасаган Пифагордың: «Аспан әлеми уйғынлық заңы бойынша дүзилген. Демек, ол да бир әжайып музыкадур» деп жазып кеткен пикири астроном Кеплердиң «Жер гелиоцентр бойынша айланады» деген тәлийматында тас-тыйықланған. Демек, олай болса бизде, алыс аспан әлеминде хәр қыйлы интервалларда, мәңги жаңлап туратуғын, сыр-сынахәтке толы гөззал музыкалар әлеминде жасап атыр екенбиз-дә! Демек бул қубылыс шексиз әлемлерде де бир илаҳий күштиң барлығынан дерек емеспе?

Ал, енди, солай екен, бирақ мени ойлап-ойлап ҳасла ушына шыға алмайтуғын бир сораў қатты тоғандырады. Усы дүньяға бир келген инсанды көзи қыйып не ушын адамлар өлтире береди? Әне усы сораўдың жуўабын мен ҳәзирге шекем анық табалмай-ақ қойдым...

Өзиң өлип кеттиң, сазын өлген йоқ,
Еле журт, ул-қызың бар көзиң өлген йоқ,
Сендей талант еле тилге келген йоқ,
Даўытбай Қайыпов болдың-дә кеттиң...

Биз инсан өмирин әжайып саз ырғақларына малынған бир гөззал қосық деп параз қылсақ, Даўытбай жаңа ғана сол қосықтың енди ҳәўижине көтериле баслағанда топа-торыстан қудайдың ғарғысына ушыраған санасыз бир мақлуқ сол қосықтың белинен «теўип» жибергениниң ақыбетинде айтылып турған ол иләҳий сазалар шорта үзилди де қалды.

Мен қай жерде жүрсемде буны және бир мәртебе тәкирарлайман «Даўытбайды ким атқан? Неге атқан? деп маған адамлар, әсиресе жаслар бир қанша сораўлар береди. Мен усы сораўларға: «Ол наҳақтан атылған оның дурыслығы судта тастыйықланып, оны атқан кимсе атыў жазасына ҳүким етилген» деп қысқа ғана жуўап беремен де қояман. Бирақ усы қолыңыздағы китапты жазарда қатты ойланып көрсем оны атқан тек өзлеримиз екенлигине әбден көзим жетти. Демек, Даўытбайды атқан өзлеримиз, басқа ҳеш ким емес!!! Ҳақыйқаттанда биз «болар ис болды, өткенге салаўат» деп өзимизди қанша жубатсақта оның сазлар әлеминдеги орны бәрҳә билинеди де турады, әттең...

Балаларым, мен өз руўхый сандығымдағы ғәзийнемде барын төгип, сизлерге азғана мәсләҳәтлеримди ақ қағаз жүзине питкен болдым. «Биз улысқа бираз нәсият айттық, бирақ кимлергедур бул гәпимиз мақул түспесе, айып көрмең бизден ўазыйпа кешти» деп шайыр бабамыз Шеразий өзиниң «Гүлистан» дәстанында жазып кеткениндей-ақ мениң усы мәсләҳәтлерим сизлердиң қәлбиңизге азғана болсада нур дарыта алса мен пақыр-Марқабай атаң, жас аўлад алдындағы өз парызымды өтеген боламан. Ал, бирақ, сизлер келешектиң Даўытбайларына арнап бул питилген пәнду-нәсиятлардан керек жерлеринде пайдаланып ҳәм оннан дурыс жуўмақ шығарып жасасаңызлар онда руўхый устазың Даўытбайдың да руўхын шад еткен боласызлар, иншалла ҳасла кем болмайсызлар!!!

Аллаҳым, дуўамды қабыл әйле! Сизлердиң жүрер жолларыңызда шексиз алыс аспан реңиндеги жасыл шырақлар бәрҳама жанып тура бергей!!!

МАРҚАБАЙ ЖИЙЕМУРАТОВ

# ДАЎЫТБАЙ—ҚАРАҚАЛПАҚ МИЛЛЕТИНИҢ МАҚТАНЫШЫ

*Қарақалпақ тилинде*
*«Қарақалпақстан» баспасы*
*Нөкис—2006*

Бас редактор *Ж. Избасқанов*
Редакторы *Г. Пирназарова*
Тех. редакторы *Т. Өтегенов*

ІВ № 5301
Териўге берилген ўақты 15.04.2006. Басыўға рухсат берилген ўақты 28.04.2006. Қағаз форматы 60 х 84 1/16. Офсет усылында басылды. Гарнитурасы — «Times». Көлеми 2,0 б/т, 1,86 шәртли б/ т. 1,79 есап б/т. Жәми 3000 нусқада.
Буйыртпа № 199.

Баҳасы шәртнама бойынша

«Қарақалпақстан» баспасы:
*742000, Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9*

Ж. Ш. Ж. Нөкис полиграфкомбинаты.
742000, Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9